



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/13/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒMANDASYON GWROUP TRAVAY LA SOU LWA KONTWÒL BWASON ALKÒL**

***Rekòmandasyon pou mete ajou lwa sou alkòl nan New York sa ki gen ladan rekonèt estati, konsolide lisans ak modènize lwa Ble Eta***

***Efò a chita sou "Elan Southern Tier " Pilye Agrikilti***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse rapò final ak rekòmandasyon Gwoup Travay la sou Lwa Kontwòl Bwason Alkòl – yon gwoup divès espesyalis nan endistri bwason alkòl la te rasanble pou revize fason pou modènize ak senplifye Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl New York ki gen 80 ane. Chanjman sa yo ap sipòte kwasans kontinyèl nan bwason atizanal ak endistri agrikòl yo ki se yon eleman enpòtan nan “Elan Southern Tier” plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè.

"Travay kolaborativman avèk entèvenan yo, administrasyon sa te pran etap enpòtan pou koupe fòmalitye administratif, anile rekòmandasyon ki gen kontrent epi ede endistri sa kontinye grandi epi kreye travay nan New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Mwen remèsye manm yo nan gwoup sa pou travay ak rekòmandasyon yo sou fason pou kontinye pwogrè sa e nap rete tann pou n revize rezilta li yo."

Aprè twazyèm somè divèn, byè, sidr, bwason Gouvènè Cuomo te mande modènizasyon nan lwa sou kontwòl Bwason alkòl eta, remake ke lwa, ki te adopte nan 1934 apre anilasyon, entèdiksyon, an demode, gen konfizyon, ak difikilte pou biznis yo navige. Nan novanm 2015, Gouvènè a te kreye Gwoup Travay sa ki gen ladan avoka endistri a, fabrikan atizanal, detayan, gwosis, yon reprezantan Konsèy kominotè ansanm avèk lòt espesyalis nan endistri a pou revize lwa epi fè rekòmandasyon sou kijan pou pi byen modènize l.

Plis pase kat reyinyon piblik, Gwoup Travay la te dakò pou plis pase yon douzèn rekòmandasyon pou revize, konsolide ak modènize lwa a, enkli:

- **Re-òganize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl:** Alòske yo te mete sou pye kantite amelyorasyon lejislatif pa twò lontan de sa, Gwoup Travay la te jwenn ke lwa eta anjenral rete yon pati nan lwa ki te òganize pa kalite bwason, olye ke kalite lisans yon biznis ta bezwen, sa kondwi nan konfizyon ak move entèpretasyon. Gwoup Travay la rekòmande yon re-òganizasyon konplè sou lwa nan yon fason ki koyeran, ki santre sou kliyan nan fason pou pi byen sèvi biznis

règlemante yo. Rapò a gen ladan yon plan pwopoze pou re-òganize lwa a.

- **Konsolide Lisans yo:** Gen aktyèlman nèf lisans separe ki otorize lavant alkòl pou biznis ki nan lokal yo (restoran, ba, kafe, elatriye.) repati nan twa atik nan lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl. Gwoup Travay la jwenn ke strikti aktyèl la koze konfizyon e li rekòmande pou modifye lwa pou redwi kantite lisans a twa; yon dezyèm pou diven ak byè; ak yon twazyèm pou etablisman yo kap sèvi byè, diven ak likè. Lwa ki pwopoze a ap chanje klèman kalite biznis eta ki kalifye pou yon lisans patikilye, kidonk senplifye pwosesis aplikasyon an.

- **Modènize Lwa Ble New York:** Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl gen ladan dispozisyon ki entèdi strikteman lavant bwason nan yon lokal etablisman (restoran, ba, kafe) apati 4 a.m. jiska midi nan dimanch. Gwoup Travay la rekòmande de chwa sou lavant nan dimanch; (1) modifye lè nan tout eta apati 12 midi jiska 8 a.m., oswa (2) kreye yon pèmi pou pèmèt lisans nan lokal yo pou sèvi anvan midi nan Dimanch.

- **Sipòte Fabrikan Atizanal yo:** Nan somè 2012 Byè ak Bwason, Gouvènè Cuomo te mete fen nan règleman State Liquor Authority ki entèdi plizyè lisans manifakti nan menm lokasyon rekonèt fado sipleman tè sa ta mete, pa egzanp sou ti brasri yo ki te vle fè wiski tou - tankou konstwiksyon yon bilding apa okonplè. Toutfwava, biznis yo ki gen plizyè lisans dwe toujou kontinye depoze papyè yo epi renouvle pou chak lisans separe. Gwoup Travay la rekòmande lisans pou manifakti atizanal nan yonsèl aplikasyon pou redwi dokiman obligatwa pou ti biznis sa yo. Anplis, Gwoup Travay la rekòmande pou otorize etablisman fèm diven pou pèmèt kliyan pote lakay yo boutèy diven ki preske fini, redwi frè ak elimine bon obligatwa pou pèmi avoka pou fabrikan atizana yo, epi pèmèt etablisman diven yo vann diven nan resipyan rechajab.

Wap jwenn rapò konplè Gwoup Travay la [isit la](#).

### **Akselere Elan Southern Tier**

Anons jodia akselere “Elan Southern Tier” plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi plis pase \$3.1 bilyon nan rejyon an depi 2012 pou sipòte plan an –atire yon mendèv ki gen talan, devlope biznis ak kondwi inovasyon. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi avan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm yon destinasyon pou yo grandi ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere Elan Southern Tier avèk yon investisman \$500 milyon Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse nan Desann 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 bilyon – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, pwojete jiska 10,200 nouvo djòb. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

**Prezidan State Liquor Authority Vincent Bradley te deklare,** "Rapò sa se aboutisman plizyè èdtan diskisyon ak deba nan yon efò pou rive jwenn konsansis sou chanjman ki nesèsè pou kontinye fè endistri sa ale delavan. Enplemantasyon rekòmandasyon sa yo ap kondwi nan amelyorasyon imedyat nan lwa ki règleman endistri enpòtan sa ak ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè nan endistri bwason an."

**Komisyone Agrikilti ak Mache Eta New York Richard A. Ball te deklare,** "Grasa angajman Gouvènè Cuomo nan endistri bwason an, nap wè chanjman ki pi nesèsè nan lwa ABC. Anpil refleksyon ak konsiderasyon te antre nan rekòmandasyon sa yo e lap anplwaye yo nan ede ranfòse endistri bwason alkòl ki deja anplèn ekspansyon nan elimine obstak epi ouvè pòt pou nouvo opòtinite biznis."

**Prezidan Binghamton University ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier te deklare,** "Rejyon Binghamton gen chans anpil paske li se kay yon ti ponyen brasri ki enpòtan anpil pou vitalite ekonomik ak kiltirèl nou. Inisyativ Gouvènè Cuomo pou adrese lwa ansyen ki date depi yon deseni ki gouvènè sektè endistri a se yon etap fòmidad nan bon direksyon an. Kapitalize sou atou agrikòl nou an ak antrepriz ti biznis yo nan baz fondamantal Inisyativ strateji Revitalizasyon Pati Nò a pou Southern Tier e nou akeyi nenpòt rekòmandasyon pou ede biznis sa yo fleri."

**Prezidan New York Wine & Grape Foundation Jim Trezise te deklare,** "Nou aplodi apwòch pwo-aktif, bon sans Gouvènè Cuomo pou gen gouvènman ansanm avèk patnè endistri yo nan revize yon pati nan lwa ki ekonomikman pa pwodiktif, demode. Prezidan Vincent Bradley ak kòlèg li yo nan New York State Liquor Authority te fè yon bon travay nan kowòdone yon pwosesis konplike ki enplike diferan enterè. Se yon gouvènman antrepriz nan pi bon moman l."

**Empire State Restaurant ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Tavern Scott Wexler te deklare,** "Rapò Gwoup Travay la represante pwogrè ke nou ka reyalize lè yon gwoup plizyè enterè ap travay kolaborativman pou fè endistri a ale delavan. Plizyè milye kafe ak restoran nou reprezante remèsye Gouvènè Cuomo ak Prezidan Bradley paske yo te konvoke gwoup travay la e nap rete tann pou n chanje rekòmandasyon sa yo ke nou tap rete tann depi lontan an lwa."

**Fondatè Brasri Brooklyn Steve Hindy te deklare,** "Mwen rekonesan paske m gen opòtinite pou m sèvi nan Gwoup Travay ABCL. Gwoup Travay la te pote ansanm yon gwoup divèsifye endistri, espesyalis legal ak konsomatè pou revize lwa yo ki te ekri depi 80 ane de sa. Rekòmandasyon Gwoup Travay la ap retire obstak biwokrasi ki pa nesèsè pou jwenn lisans epi konfòme avèk lwa ABC eta. Rekòmandasyon yo pote lwa ABC a nan 21<sup>yèm</sup> Syèk la epi rekonèt wòl enpòtan endistri diven, sidr, byè ak bwason ap jwe nan ekonomi Eta New York."

**Danow, McMullan & Panoff Partner Keven Danow te deklare,** "Gouvènè Cuomo te kenbe pwomès li pou fè tout sa ki nan pouvwa l pou fè New York vin yon kote akeyan

pou biznis yo. Sou demann li, Prezidan Bradley te konpoze yon gwoup travay avèk Manm Endistri Bwason Alkòl pou revize lwa sou Bwason Alkòl epi fè rekòmandasyon tankou fason pou senplifye ak amelyore lwa nou yo san afebli pwoteksyon sitwayen nou yo ap jwi. Gouvènè a ak Prezidan Bradley te merite lwanj ak respè endistri ansanm avèk konsomatè yo."

**Robert Bookman, Avoka NYC Hospitality Alliance te deklare,** "Alyans NYC Hospitality, reprezante plizyè milye restoran nan Vil la, kafe ba lannwit ak otèl, te onore paske li fè pati nan Gwoup Travay la e nou remèsye Gouvènè a ansanm avèk SLA pou diskisyon koperatif ki pral kondwi refòm ki nesèsè nan lwa ABC, refòm ki pral benefisye endistri a, anplwaye nou yo ak plizyè milyon Nouyòkè ak vizitè ki frekante etablisman nou yo."

**Fondatè Tuthilltown Spirits ak Master Distiller Ralph Erenzo te deklare,** "Mèsi Gouvènè a ak Prezidan Bradley paske mwen gen opòtinite pou m travay avèk lòt entèvenan yo nan endistri bwason atizanal la kap devlope sou revizyon lwa Gwoup Travay la. Rapò a ap ede bwason New York, diven, byè ak sidr fleri nan sijere revizyon kap bay yon tèks langaj klè epi retire obstak inital antre pou nouvo pwodiktè yo. Chanjman gen ladan tou elaji aksè pou mache lavant bwason yo."

**Prezidan Asosyasyon New York State Liquor Store Tom Edwards te deklare,** "Sa se yon eksperyans gratifyan paske lidè endistri yo te vini ansanm epi jwenn yon fwon komen. Nan non Asosyasyon New York State Liquor Store ak manm li yo, nou voye yon gwo mèsi pou Gouvènè Cuomo ansanm avèk Prezidan Bradley!"

**Prezidan Asosyasyon New York State Beer Wholesalers Steve Harris te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Prezidan Bradley paske yo te konvoke gwoup reprezantan divèsifye sa, ki soti pami gwo fabrikan etabli New York yo pou rive nan nouvo ti pwodiktè atizanal pou egzamine epi fè rekòmandasyon pou modènize lwa ABC ki date de 80 ane. Rekòmandasyon sa yo ap chita sou pwogrè nou te fè pandan senkan ki sot pase yo epi ede ranfòse ak devlope endistri enpòtan sa pandan lap rekonèt ak konsève validite sistèm twa nivo Eta."

**Prezidan ak PDG Food Industry Alliance Eta New York Michael Rosen te deklare,** "Nou vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Prezidan Bradley paske yo te pran inisyativ pou modènize lwa sou alkòl ak pou elimine dispozisyon demonde ki te lakoz yon fado pou komès la san li pa pwoteje piblik la nan yon fason siyifikatif. Operatè Food store yo nan New York apresye tan, efò ak lidèchip li pran pou fòje yon konsansis sou pwopozisyon sa ki byen elabore. Aplodisman!"

**Patnè Jesyon Buchman Law Firm Mark Koslowe te deklare,** "Plis remèsiman pou Gouvènè a, Prezidan Bradley ansanm avèk kòlèg distenge li yo ak anplwaye pou travay di yo nan rasanble ajanda inisyal ak modifikasyon ki vini apre yo ansanm avèk kòmantè ki pèmèt Gwoup Travay la rive jwenn yon konsansis sou pwoblèm ki genyen nan endistri alkòl New York e espesyalman nan domèn bwason atizanal la kap devlope. Rapò a ap bay yon ed enpòtan nan bay direktiv pou kounye a ak nan lavni pou endistri a lè

li sijere revizyon ki bay yon tèks langaj klè epi retire obstak initil antre pou nouvo pwodiktye yo. Nou ta dwe felisite efò tout patisipan yo."

**Konseye Prensipal North American Breweries Kelly Diggins te deklare,** "Eta New York prè pou l senplifye lwa kontwòl sou alkòl li epi ede endisrti byè, diven, bwason ak sidr la kontinye pwospere. Konpliman pou Gouvènè nou an ak Prezidan Bradley paske yo te kreye yon apwòch patisipatif bon sans sa ki pèmèt manm endistri yo evalye epi fè rekòmandasyon."

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418